



Pou Piblikasyon Imedya: 15/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE POU DRAPÒ FLOTE ADEMI MA POU ONORE MEMWA AJAN FALB

Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande jodi a pou drapò ki sou bilding gouvènman yo flote a demi ma jou kap jedi 16 Mas la pou onore Ajan Polis Eta New York, Brian S. Falb.

Sòlda Falb te mouri jou lendi 13 Mas la, de yon maladi li atrape nan travay li nan sit World Trade Center a apre atak 11 Septanm 2001 an.

Gouvènè Cuomo te di: “Ajan Falb te sèvi pèp New York ak valè ak devouman ki enkane sa ki pi bon nan Polis Eta New York. Nan non tout Nouyokè, mwen voye kondoloyans ki pi pwofon mwen bay fanmi, zanmi ak kamarad sòlda Ajan Falb yo ak manm pi gwo kominote polis la. N ap bese drapò a sou imèb gouvènman yo jedi pou onore memwa ak sèvis Ajan Falb.”

Ajan Falb te viv nan Konte Clinton e li kite madanm li ak kat timoun. Ajan Falb se te yon ansyen militè 18 an nan Polis Eta New York, e li te sèvi nan tout karyè li nan Twoup B nan Ray Brook. Dènye travay li se te ak ekip Jesyon Ensidan Sikilasyon an (Traffic Incident Management team).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418